

”What’s in a Name”

Ku: Dédé Kosasih

Aya dua ngaran diréndéngkeun, nu hiji *Jono Sujono* nu hiji deui *Haryo Sujono*. Cik mana kira-kira ngaran nu tipikal Sunda?

Pikeun ngajawabna tinangtu perlu ngajujut heula kasang tukang budaya nu patali jeung kaédah atawa rumus méré ngaran. Dina kajian linguistik, perkara méré ngaran (*naming*) jeung sesebutan téh ilahar sok disebut fonéstémika (*fonestemics*). Sedengkeun tina perspektif *folklore* mah méré ngaran atawa jujuluk jalma téh bagian tina élmu onomastika (*onomastics*).

Ngaran dina budaya Sunda ngabogaan rumus nu mandiri. Kagaliban di urang mun hiji kolot rék méré ngaran budakna sok nangtukeun heula ngaran anu poko. Éta ngaran poko téh biasana diwangun ku 3 engang. Upamana *Ko-sa-sih*. Keur kapentingan ‘nyelukan’ umumna sok dicokot boh engang mimiti, engang tengah boh engang panungtung. Tah tina engang mimiti *Kosasih* téh terus we nyelukanana *diakos-akos* atawa *diengkos-engkos*. Jadi wé *Akos* atawa *Engkos Kosasih*.

Tina kasus-kasus samodel kitu téh tétéla di urang mah leubeut pisan. Munculna fenoména modél kieu téh bawirasa dikasangtukangan ku nyampakna budaya pangénéh. Geura urang tataan! Nu engang mimiti: *Gumelar/Gumilar* sok jadi *Agum* atawa *Gugum*; *Jatnika* sok jadi *Ajat* atawa *Jajat*; *Rukmini* jadi *Eruk*, jsté. Engang tengah: *Bahtiar* sok jadi *Titi*; *Rukmini* sok jadi *Mimin* atawa *Emin*; *Suryatna* jadi *Ayat* atawa *Yayat*, jsté. Dina engang panungtung: *Sudrajat* sok jadi *Ajat*, *Ojat* atawa *Jajat*; *Mulyadi* jadi *Edi*, *Udi*, *Idi*, *Dédi* atawa *Didi*; *Sudaryat* jadi *Ayat*, *Oyat* atawa *Yayat*; *Setiawan* jadi *Awan* atawa *Wawan*; *Suratno* sok jadi *Nano* atawa *Nono*; *Kartini* jadi *Ani*, *Néni*, *Nuni* atawa *Tini*, jsté. Kitu deui pikeun ngaran hareup, di urang ogé aya pola ku cara malikan deui vokal. Najan diwangun ku dua hurup (vokal) ogé, éta ngaran tetep mibanda 2 engang, upamana *Aa*, *Ii*, *Oo*, *Uu* jsté. Tah lamun ningal kana rumus, kaumumanana pola engang dina fonéstémika urang Sunda téh nyaéta pola 2 + 3.

Jadi nilik kana éta péréléan, bawirasa *Jono Sujono* ngaran nu tipikal Sunda mah lantaran ngésto kana rumus téa. Najan tina jungkiringna, asa payus mun éta ngaran téh boh *Jono* boh *Haryo* duanana ogé pada-pada ngaran Jawa. Kapan dina basa Jawa mah boh kecap boh istilah (kaasup ngaran) ilaharna sok *ditolong*. Di urang ogé apan teu euweuheun ngaran nu *ditarolong*, saperti ngaran-ngaran: *Jojo Sutisno*, *Koko Darkusno*, *Nano Suratno*, *Popo Hartopo*, *Toto Sudarto* jsté. anu angger ngésto kana ‘rumus’. Nya minimalna ngandung pola *malikan deui engang* téa.

Tah tina rumus samodel kitu, munasabah loba ngaran nu jadi ‘plésétan’ atawa geuhgeuyan, upamana: *Dédé Surédé*, *Mamat Kadamat*, jsté. Plésétan nu leuwih ‘ngajelegur’ deui kungsi dipopulérkeun ku Kang Ibing ngeunaan ngaran *Cécép* pan jadi *Cécép Gorbacév*. Bawirasa pola samodel kitu téh jigana moal nyampak boh di Jawa boh di étnis séjén mah.

Kumaha ari lebah ngabédakeun génder? Tah lebah ngabédakeun génder mah memang sok kapanggih sababaraha kasus spésifik. Upamana aya ngaran nu *all in*, umum dipaké boh ku lalaki boh ku awéwé, upamana ngaran *Dédé*, *Elin*, *Eli*, *Titi* jsté., nya rumusna téh sok dibantuan ku ngaran tukangna. Keur awéwé mah ngaran sapandeurieunana biasana sok digéndéng ku nu leuwih *feminis*, saperti *Dédé Komalasari*, *Elin Karlina*, *Eli Setiawati*, *Titi Nastiti* jsté. Demi nu warugana lalaki, ieu oge sarua sok diémbél-émbélan ku ngaran tukangna nu leuwih *maskulin* (macho) contona: *Dédé Syafaat*, *Elin Syamsuri*, *Eli Kartobi*, *Titi Bahtiar*, jsté.

Kumaha mun aya nu mahiwal? Upamana *Anggi Sukmawangi*. Tina guluyur jeung runtuyanana asa payus jeung sapuk éta ngaran téh pasti awéwé. Tapi barang ningali jagrag raga badagna geuning bet ... lalaki. Tah ieu meureun nu ‘mahiwal’ téh.

Perkara ‘mahiwal’ dina fénoména sosiobudaya mah bawirasa mangrupa hal anu lumbréh. Pangna disebut lumbréh, pan sok aya baé nu “diwalkeun”. Geura, dina gejala bahasa, upamana dina basa Jérman aya anu disebut *das Artikel*. Demi *das Artikel* téh ngawengku *Maskulin*, *Neutral*, *Feminin* nu fungsina pikeun ngabédakeun status gender hiji kecap. Upamana *Maskulin* apan dipakéna keur kecap barang nu ngabogaan sipat lalaki, saperti *der Vater* nu hartina bapa. *Neutral* ajangkeuneun barang nu dianggap nétral, saperti *das Wasser* nu hartina cai. Ari *Feminin* mah dipakéna keur kecap barang nu ngabogaan sipat awéwé, saperti *die Mutter* nu hartina indung. Ari ‘mahiwalna’ téh nya lebah kecap *das Fraulein* hartina parawan jekékan (gadis), bet dikolomkeun kana *Neutral*. Apan nu ngaranna parawan mah balongkotan pisan warugana téh

awéwé. Da geus kitu wé cenah ti lemburna ogé. Éta téh 'kekecualian' téa. Dina gejala sastra, pan aya nu disebut *lisencia poética*. Nu jéntré pisan mah dina gejala psiko-sosial, salian ti awéwé jeung lalaki, pan aya ogé nu disebut waria alias *banci*.

Naha bet kudu masualkeun ngaran? Aya nu nyebutkeun yén prakték méré ngaran atawa *fonéstémika* téh enas-enasna bisa ngaréfléksikeun kondisi sosio-psikologis umum hiji masarakat, kaasup cara mikirna jeung ajén-inajénna (*worldview*).

Pan teu galib mun nyelukan hiji jalma (nu geus akrab) ku kecap *héy*. Kudu wé nyebut ngaran mah. Atuh paling copélna ku saengang. Upamana: "*U, iraha rék ngajak nguseup téh?*" Jadi, mun klaim bujangga luhung *Shakespeare* anu nganggap énténg kana hartina ngaran '*what's in a name?*' satuju pisan jeung pamadegan Ki Darpan (Cupumanik No.14/2004) yén di urang mah éta statemén téh teu payu. Nu puguh mah ngaran téh gedé pisan hartina.

Ngaran téh enas-enasna mah simbol individualitas. Ngaran ogé bisa jadi *wawakil jirim jinisna* (cek Kang Nano dina "Potrét Manéhna"). Najan dina émprona mah, cék nu ngarulik sosiolinguistik mah prakték méré ngaran téh sipatna manasuka atawa arbitrér. Tapi keukeuh, najan arbitrér najan manasuka ogé méré ngaran mah ngabogaan rumus anu sistematis, upamana lebah ngabédakeun 'jenis kelamin' (gender), Mamah jeung Maman, pan sakitu jelasna. Jadi, tétéla ngaran téh bisa dijadikeun idéntitas hiji kaum atawa bangsa.

Aya kasus anu 'unik' nyaéta hiji ngaran diadopsi ku sababaraha basa/bangsa. Tur éta ngaran téh bisa méré ciri jeung identitas (varian) anu mandiri nuduhkeun basa/bangsa anu ngadopsina. Upamana ngaran *John*. Dina basa Perancisna jadi *Jéan*, Spanyol jadi *Juan*, Jerman jadi *Johannes*, Itali jadi *Giovanni*, Rusia jadi *Ivan* jeung Finlandia jadi *Juhana*. Ari di Sunda mah moal kitu jadi *Jojon?*

Sakumaha nu geus dijéntrékeun yén pola fonéstémika di urang téh tétéla raket patalina jeung nyampakna budaya 'pangnéh'. Ari timbulna pangnéh lantaran didasaran ku rasa deudeuh jeung nyaah anu kacida, upamana pangnéh ti hiji kolot ka anakna nu masih kénéh leutik. Malah teu saeutik pangnéh ogé napel nepi ka dewasa. Upamana: *Iskandar* sok dinénéh jadi *Enday* atawa *Iday*; *Sariningsih* jadi *Icih* atawa *Ningsih*; *Kartobi* jadi *Entob*, *Dunungan* (*Jungjunan*) jadi *Enung* jsté.

Munculna ngaran pangnéh gede kamungkinan dingaranan ku kolot éta budak, atawa ku budakna sorangan lantaran ngukur kamampuh artikulasina. Ku lantaran masih kénéh bolon can paséhat ngalafalkeun foném /r/ jadi cadél lebah dina ngabasakeun ngaranna. Upamana ngaran *Roni* jadi *Oni*; *Karna* jadi *Ana*; *Gelar* jadi *Iay*; *Guntur* jadi *Utuh* atawa *Utuy* jsté.

Rupa-rupa varian pangnéh saperti: *Éméd*, *Omod*, *Emod*, *Amad*, *Mamad*, *Mamat*, *Méméd*, *Mémét*, *Mémén*, *Momon* bisa jadi sumberna tina ngaran *Ahmad* atawa *Muhammad*. Kitu deui varian *Amud*, *Amut*, *Emud*, *Mumun*, *Mumud* bisa jadi huluwotanna tina ngaran *Mahmud*. Rupa-rupa varian pangnéh keur ngaran awéwé saperti: *Ijah*, *Éja*, *Ijoh*, *Ijot*, *Icah*, *Ecot*, *Acah* jsté. sungapanana tina ngaran (*Siti*) *Khodijah*. Hal ieu téh méré gambaran yén Islam téh geus sumarambah kana jero-jerona batin urang Sunda, luyu jeung kacapangan yén *Sunda téh Islam*, *Islam téh Sunda*.

Lian ti pangnéh, aya deui nu disebut ngaran pangogo. Upamana pangogo keur budak lalaki: *Ujang* dicokot tina bujang; *Otong/Totong*, *Otoy/Totoy* atawa *Entol* diadopsi tina rarangan lalaki; *Agus* tina bagus; *Elu* tina jalu; *Asép/Acép/Ayép/Ahép/Atép* tina kasep. Pikeun kalangan ménak mah ngabogaan rumus nu mandiri, upamana *Dang* jeung *Aom* pikeun nuduhkeun anak ménak jeung anak Bupati; *Dédén/Édén* tina radén jsté. Sedengkeun pangogo keur budak awéwé: *Eulis/Euis/Élis/Yélis/Neulis/Lilis* tina kecap geulis. Kitu deui pikeun kalangan ménak awéwéna boga pola nu tipikal, saperti *Juag* tina juragan; *Néndén/Endén (Énéng)* tina radén; *Enung* tina dunungan (jungjunan) jsté. Keur kaum ménak mah nurutkeun Ki Darpan, ngaran téh teu béda ti barang pusaka. Urang bisa nyukcruk terah mana ari *Anggadipraja*, turunan mana *Singadimeja* atawa seuweu saha *Kusumahdinata* jsté.

Pola fonéstémika nurutkeun konsepsi masarakat Sunda henteu dapon baé atawa gagabah. Dina émprona méré atawa ngaganti ngaran téh tétéla kacida sakralna lantaran ngabogaan implikasi nu raket patalina jeung prospek ka hareupna. Ku kituna, perlu ngaliwatan proses ritualisasi jeung 'perhitungan' nu ngait jeung: poé lahir, pasaran, bulan, jam nalika dilahirkeun. Di sagédénggeun ngarah éndah (ngalagena) atawa gandang perbawana, sabenerna ngaran téh ngandung *du'a* sangkan mawa barokah; saluyu jeung *cita-citana* sangkan *cageur*, *bageur*, *bener*, *pinter* jeung *singer*. Ngagédéng ogé hiji *pangharepan* sangkan nu boga ngaran téh dipukpruk ku

kauntungan jeung kaunggulan. Jadi dina ngaran téh tétéla ngandung sikep wijaksana (*wisdom*) sarta bisa ngaréfléksikeun du'a jeung cita-cita (*expectation*) masarakatna.

Prakték fonéstémika téh sipatna sakral jeung teu leupas tina ritual. Tangtu baé ngaran téh bisa dijadikeun salah sahiji istilah rujukan anu penting dina hirup jeung huripna hiji jalma. Pola méré ngaran unggal masarakat ngabogaan kaédah atawa rumus anu matok jeung maneuh. Hiji jalma kudu 'nyandang' dumasar kana *urutan dilahirkeunana* saperti kasus nu aya di masarakat Buang, Jawa jeung Bali. Di urang ogé pola samodél kitu téh nyampak ngan biasana patali jeung 'pancakaki'. Ngaran-ngan nu némbongkeun fénomena pancakaki téh di antarana: *Aa, Aang* atawa *Ceuceu*. Éta ngaran téh pikeun ngaakangkeun atawa ngaeuceu jeung hiji adi ka lanceukna. Kitu deui ngaran-ngaran: *Adé, Dédé, Ayi* keur tujuan ngaadkeun hiji lanceuk ka adina.

Nilik kana kabiasaan baheula, dina prakték méré ngaran anu milu mikiran téh lain baé indung bapana budak, tapi ngalibetkeun ogé nini aki ti dua beulah pihakanana. Malah teu mustahil ngalibetkeun jalma nu 'dikolotkeun' (biasana ajengan atawa kiayi). Éta kiayi biasana ngabogaan komara (kharisma), lantaran dianggap ngabogaan pangaweruh sarta kamampuh anu luhung (adikodrati) ngeunaan hirup-huripna hiji jalma. Kaasup mampuh noropong kana urusan palintangan (horoskop) sarta itungan. Tah lamun geus mercayakeun ka ajengan atawa kiayi téa, biasana indung bapa éta budak biasana tara pipilueun. Saméméh méré ngaran, ajengan atawa kiayi téh sok nanyakeun heula budak téh awéwé atawa lalaki jeung iraha dilahirkeunana. Sanggeus kitu mah sok dipeleng jeung diimpleng dibéré ngaran atawa nulis sababaraha ngaran alternatif (biasana nu Islami). Ari indung bapana mah kari milih salah sahiji ngaran anu cop jeung lelembutanana.

Baheula mah cenah ngaran-ngaran Sunda ti kalangan *urang réya* (anu cenah tulén atawa ceré) loba diparake keur ngaran lalaki di antarana: *Istam, Astim, Uslan, Tarlan, Misran, Sapan, Sapaïn* jrrd. Nya kitu deui keur ngaran awéwé ogé nyampak saperti: *Rusih, Misnem, Jainem, Uminem, Jaitem, Ratem, Alikem, Astimah, Sarinah, Rumsinah, Jaimah* jrrd.

Malah teu saeutik ngaran anu diropéa tina basa Sangsekerta saperti: *Citra, Sukarya, Jatnika, Santika, Ratnadi, Ningsih*, jsté. Nalika obyagna pangaruh agama Islam ka urang, nya harita loba ngaran luyu jeung *trénd* mangsa harita ku ngaran anu bau-bau ngaran padang pasir saperti: *Muhammad, Abdullah, Kodir, Ahmad, Siti Khodijah, Siti Aisah, Halimah, Siti Maryam, Salim* jsté. Kitu deui pangaruh Eropa (utamana **Holandsche**) loba ngawarnaan kana ngaran-ngaran Sunda saperti: *Eddy, Déddy, Elsa, Iceu, Betty, Anne* (Mustapa, 1991) Ku kituna bisa diasumsikeun yén prosés 'pemberian nama' bisa ngarépléksikeun ajén-inajén masarakatna. Dina harti nu spesifik ngaran téh bisa méré gambaran identitas sosialbudaya boh nu méré ngaran boh nu ngabogaan éta ngaran.

Nurutkeun katerangan, kira-kira taun 50-an sabada déwasa (utamana ngaliwatan atikan di sakola), ku alpukah guruna ngaran-ngaran siswa téh sok digaranti atawa ditambah ku ngaran-ngaran nu diluyukeun jeung angkatan (*lihting*), biasana tina basa Sangsekerta. Tangtu baé éta ngaran téh ngabogaan ma'na anu alus saperti: *Raharja, Suryamiharja, Gandasaputra* jsté. Upamana: ngaran *Ubun* terus dibéré atawa ditambah ngaran angkatan *Raharja* ngajanggélék jadi *Ubun Raharja; Agus* jadi *Agus Suriamiharja* jsté. Tapi teu saeutik deuih ngaran anu dirarobah jadi ngaran nu Islami sabadana ngalakonan ibadah haji.

Bagantina ngaran biasana aya patalina jeung profési atawa préstasi, upamana ngaran *Kanduruan* nyaéta ngaran atawa gelar anu husus pikeun panglélér ka guru anu gedé jasa jeung prestasina ka nagara. Cék sakaol, di masarakat Sunda anu meunang anugrah gelar kanduruan téh ngan aya sababaraha urang, di antarana nyaéta pangarang "Baruang Ka Nu Ngarora", ogé salaku panaratas Paguyuban Pasundan *Daéng Kanduruan Ardiwinata*.

Tapi aya kalana ngaran téh tara angger (baku) 'marengan' nu bogana. Lantaran salila 'marengan' nu bogana téh temahna sial jeung ririwit. Cenah *beurat teuing ku ngaran*. Nya pikeun palakiahna éta ngaran téh sok diganti ku ngaran-ngaran anu goréng, teu pantes atawa ngaran barang atawa sato saperti: *Kadut, Karung, Bangkarak, Betok, Bulus, Runtah* jrrd. Boa-boa salasurang jaro nu aya di Baduy nyaéta *Jaro Runtah* oge mangrupa conto kasus éta fénomena.

Patali jeung méré ngaran di urang ogé aya anu disebut jujuluk. Nu dimaksud jujuluk nurutkeun kamus nyaéta ngaran atawa sesebutan tambahan. Ngaran jujuluk téh biasana ngabogaan ma'na anu positif jeung negatif. Ma'na jujuluk nu positif téh anu raket patalina jeung

prilaku atawa sikep hiji jalma, saperti *Oto Iskandardinata* anu teuneung ludeung dina nepikeun aspirasi bangsa Indonesia dina sidang *Volksraad*. Ku teuneung jeung gedé kawanina nya *Oto* téh dibéré jujuluk “Si Jalak Harupat”.

Di sagédéngéun ma’na positif, patalina jeung prilaku atawa sikep hiji jalma, ogé nyampak dina profési jeung kalungguhan, sok dipatalikeun jeung tangtungan (fisiognomi) hiji jalma (Dananjaya, 1994). Nu patali jeung profési atawa kalungguhan upamana: *Pa Guru, Pa Dokter* jsté. Sedengkeun nu raket jeung fisiognomi, saperti: *Si Cureuleuk, Si Lenjang, Si Démplon* jsté. Sedengkeun jujuluk anu tujul kana ma’na negatif patalina jeung kalakuan atawa pangadatan sok dilandih upamana: “*Si Oray, si Uling, Si Gebot*” jrrd. Nu patalina jeung fisiognomi anu negatif sok dilandih *Si Pésék/Si Demés Si Jeding, Si Kampéng, Si Rawing, Si Rancung, Si Dowér, Si Nongnong* Jrrd.

Dina budaya Sunda kiwari pola atawa rumus *fonéstémika* téh karasa beuki ngaloncérana. Ngaran nu nyampak jeung diparaké téh cenderung ngaran “pop” bari jeung tara nyukcruk *asbabun nuzulna* atawa ma’na nu dikandungna. Nu penting ngalagena jeung éndah karasana, saperi kasus Sarah jeung Séla (Cupumanik 14/2004). Pan di urang ogé ka anak awéwé loba nu méré ngaran *Indah (Permatasari)*. Apan nurutkeun makna léksikal mah *indah* téh hartina murus atawa ménchrét.

Tétéla ku ayana éta réalitas téh bisa ngébréhkeun ayana parobahan tatanan, hiji kecenderungan sosiologuistik makro anu lumangsung umum tur serius (Labov, 2001). Lamun nitenan fénoména émpirik nu lumangsung di masarakat Sunda kiwari, kecenderungan ‘pemberian nama’ (utamana di pakotaan) leuwih didominasi ku indung bapana tanpa ngalibetkeun ti sisi ti gigir. Aya kalana hiji kolot boh indungna boh bapana budak anteng milah jeung milih pingaraneun budakna. Ngaran nu dipilihna leuwih global, aya anu némbongkeun afiliasi kaagamaan (Islam) saperti: *Auzura Qatrunnida Rahmani, Husnul Khitami, Fatih Izuul Haq* jrrd. Tapi teu saeutik milih ngaran-ngaran anu ‘unik’ atawa nu ‘menyiratkan’ nuansa Kawi atawa Sansekerta, saperti *Gumiwang Raspati, Murumbuyar Parangina, Genyas Katalinga, Mayang Sétrawulan, Dwimantik Sekartanjung* jsté. Atawa lahirna éta budak téh dikaitkeun peristiwa bulan dilahirkeunana boh Masehi boh Hijriah saperti: Gilang *Ramadan, Safarudin, Néni Oktaviani* (Oktober) atawa *Agus* tina Agustus jsté. Anu leuwih “unik” ayana kreativitas nu méréna ku wacahan (akronim) upamana: *Gelara Julianarba* (gelara tina gelar atawa lahir, Juli jeung arba = 4) hartina lahirna dina tanggal 4 Juli; (Rétty) *Isnéndés* tangtu bakal disangka ngaran nu bau-bau tokoh télénovela nu holna ti Amerika latin, singhoréng apan éta téh wacahan tina *Isnén* hartina 2 jeung *dés* tina Désémber. Kitu deui (Anthony) *Barbo* salasaurang dosén kuring, cenah *Barbo* téh mangrupa wacahan tina babar poé Rebo. Prosés pemberian nama ogé raket patalina jeung tokoh atawa pribadi nu diidolakeun saperti: *Saddam (Hussén), Osama, Rosalinda, Anggraéni* jsté.

Nu holna ti kalangan selebritis, fonéstémika biasana bisa kaidéntifikasi tina kostim atawa lagu nu dipopulerkeunana, upamana *Si Burung Camar* pan ngarujuk ka Vina Panduwinata; *Si Umar Bakri* ka Iwan Fals; *Ténda Biru* ka Désy Ratnasari, *Si Botol Kecap* ka Upit Sarimanah, *Kembang Gadung* ka R.Hj. Euis Gartika jsté. Malah anu leuwih unik deui ngeunaan usaha méré ngaran ka kalangan penyanyi (Pop atawa Dangdut), utamana rék mimiti ancrub kana dunya rekaman atawa show sangkan mawa *hoki* atawa populér, biasana sok “dibaptis” ku ngaran nu leuwih ‘kerén’ atawa gampang diinget, saperti Niki Nastiti jadi *Niki Astria*, Nike Ratnadila jadi *Nike Ardila*

Aya deui ngaran anu ‘monuméntal’. Kuring boga sobat keur mahasiswa ngaranna Tatang Ganéfodin. Terus wéh ditaléngténg, ditatanyakeun alus cékéng téh! Naha maké Ganéfodin? Kieu cenah basa brol uing lahir, harita Présidén Soekarno keur mopulerkeun gerakan olah raga bangsa-bangsa Asia, nyaéta Ganéfo (*Games Asian Nation Emerging Forces*). Kitu cenah *asbabun nuzulna* téh. Tah ku tina kitu, nya mungkin baé (da manasuka téa), hayang “ngaabadikeun” éta peristiwa. Atuh palebah brol anak awéwé, ninggang bapana harita keur prajabatan. Ulah bingung-bingung, ngarah “monuméntal”. Gampang, ngaranan wé *Imas Prajabataningrum*. Bérés pan!

Manglé No. 1993 &1994

**Pinujul ka-1
Hadiah Basa jeung Sastra Sunda LBSS 2004**